



Pou Piblikasyon Imedya: 29/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LWA SOU REPARASYON DIJITAL EKITAB

*Lejislasyon (S4104-A/A7006-B) mete disponib zouti ak pyès pou pèmèt konsomatè yo repare pwòp aparèy elektwonik yo*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen Lwa sou Reparasyon Dijital Ekitab (Digital Fair Repair Act, DFRA) (S4104-A/A7006-B) ki fè New York vin premye eta nan nasyon an ki garanti dwa pou repare, pou pwoteje konsomatè yo kont efò antikonpetitif pou limite reparasyon.

"Pandan teknoloji ak aparèy entelijan vin de pli zan pli esansyèl nan lavi chak jou nou, konsomatè yo ta dwe kapab ranje byen fasil ak alè aparèy yo konte sou yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pral bay konsomatè yo pi bon opsyon pou repare aparèy yo, kidonk k ap maksimize dire lavi aparèy yo, ekonomize lajan, epi redwi fatra elektwonik".

**Lwa sou Reparasyon Dijital Ekitab (S4104-A/A7006-B)** egzije pou fabrikan ekipman orijinal (Original Equipment Manufacturer, OEM) yo fè dyagnostik ak reparasyon enfòmasyon pou pyès elektwonik dijital ak ekipman ki disponib pou founisè reparasyon endependan ak konsomatè si pyès sa yo ak enfòmasyon sou reparasyon yo disponib tou pou founisè reparasyon ak sèvis OEM otorize. Lejislasyon sa a pral fè New York premye eta nan nasyon an ki egzije enfòmasyon sa yo nan men OEM. Twò souvan, reparasyon atik dijital yo difisil pou fèt akòz aksè limite nan pyès ak zouti ansanm ak yon mank manyèl ak dyagram. Nan siyen pwojè lwa sa a, New York ap pwoteje konsomatè yo epi ouvri mache reparasyon dijital la pou konpetisyon ak tout avantaj pou konsomatè, antreprenè ak anviwònman an.

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Nouvo lwa sou Dwa pou Reparasyon sa a, premye nan jan li nan peyi Etazini, pral non sèlman bay pi gwo chwa ak aksesibilite pou konsomatè yo si yo chwazi pou repare aparèy elektwonik yo, men tou, pral redwi siyifikativman kantite fatra elektwonik, pandan l ap bay plis opòtinite pou ti biznis yo. Mwen vle remèsyé Gouvènè Hochul ansanm ak Manm Asanble Fahy pou angajman fèm yo pou wè nouvo lwa enpòtan sa a reyalize".

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "New York ap gide nasyon an ankò — jodi a, premye pwojè lwa sou dwa pou repare nan Etazini, Lwa sou Reparasyon Dijital Ekitab,

te adopte kòm lwa — mete konsomatè yo an premye, egalize teren an pou boutik reparasyon endepandan yo, epi ap redwi fatra elektwonik nou yo nan dechaj yo. Dapre lwa a, fabrikan elektwonik yo dwe pèmèt aksè a enfòmasyon enpòtan ak pyès boutik reparasyon endepandan yo bezwen pou konplete reparasyon sou anpil pwodwi elektwonik, sa k ap mete fen nan sa ki se yon monopòl k ap grandi sou mache reparasyon an pa gwo konpayi teknoloji yo, pandan I ap ankouraje konpetisyon. An menm tan, n ap redwi tou 655,000 tòn fatra elektwonik toksik yo prevwa ke yo jete chak ane nan Eta New York, kote 85% dechè sa yo fini nan yon dechaj. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon an, Senatè Neil Breslin paske li te sipòte pwojè lwa a nan Sena a, ak tout defansè san pran souf pou reparasyon san patipri ki te travay pandan plizyè ane pou pèmèt Lwa sou Reparasyon Dijital Ekitab la franchi dènye liy lan. Pandan ke nouvo lwa sa a reprezante yon konpwomi difisil apre yon kanpay dinamik kont dwa pou gwo konpayi teknoloji repare, mwen fyè ke konsomatè yo ak ti biznis yo te finalman pote viktwa. Nou espere ke sa a pral ankouraje lòt eta yo antre an aksyon, dinamize efò pou adopte yon lwa sou dwa pou repare nan nivo nasyonal, epi ke tout Ameriken pral evantyèlman jwi yon 'dwa pou repare' ki konplè ak reyèl".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418